



## Viris Oksidantal Nil (WNV)

### Kisa yo Rele Viris Oksidantal Nil?

Viris Oksidantal Nil la (WNV) se yon maladi ra men ki grav ke moun atrape pi souvan lè yon moustik ki enfekte mòde w. Nou jwenn WNV nan moustik Boston yo chak ane pandan mwa ete ak otòn yo (Jen – Novanm).

### Kijan Viris Oksidantal Nil la pwopaje?

Moun atrape WNV pi souvan lè yon moustik ki enfekte mòde yo. Moustik yo pran viris WNV lè yo mode yon zwazo ki enfekte. Moun pa kapab atrape maladi WNV dirèkteman de zwazo yo. Byenke li ekstrèmman ra, WNV kapab pwopaje tou atravè transfizyon san ak ògan yo bay, li ka pase tou de yon fi ansent a pitit li ki poko fèt epi atravè timoun y ap bay tete.

### Ki siy ak sentòm Viris Oksidantal Nil la genyen?

Pifò moun ki genyen WNV pa eksperimente okenn siy oswa sentòm. Kèk moun ki genyen WNV ap eksperimente tèt fè mal, lafyè, noze, vomisman ak kò fè mal k ap dire kèk jou jiska plizyè semèn. WNV kapab koze sentòm ki pi grav, sa ki gen ladann gwo lafyè, tèt fè mal grav, konfizyon, mank kowòdinasyon, ak feblès miskilè pèmanan/paralezi.

### Èske Viris Oksidantal Nil la nan Boston?

Yo te detekte WNV pami moustik ki Boston yo pandan mwa ete ak otòn yo (Jen – Novanm) chak ane depi 2000, men li ra pou moun atrape WNV. Nan 2012, te genyen sis ka WNV ki te konfime nan Boston. Okazyonèlman, WNV koze maladi grav oswa lanmò. Nou atann pou WNV reparèt chak ete.

### Kilè mwen a risk pou atrape Viris Oksidantal Nil la?

Moustik yo pi aktif epi li pwobab pou yo pote WNV nan Boston pandan mwa Jiyè jiska Septanm. Si tanperati a cho, moustik yo kapab pote WNV depi nan kòmansman mwa jen jiska fen Novanm.

### Kimoun ki a risk pou atrape Viris Oksidantal Nil la?

Nenpòt moun ki rete deyò, espesyalman ant lè solèy ap kouche ak lè solèy la ap leve se lè sa moustik yo pi aktif, epi gen risk pou atrape WNV. Moun ki gen laj plis ke 50 ane gen plis chans pou devlope maladi grav si yo atrape WNV.

### Èske gen yon tretman pou Viris Oksidantal Nil la?

Pa gen tretman spesifik pou WNV. Moun yo ki eksperimente sentòm modere jeneralman refè pou kont yo. Ka ki pi grav yo kapab egzije ospitalizasyon. Si w panse ou kapab genyen WNV, kontakte founisè swen sante w la imedyatman.

### Kijan Komisyon Sante Piblik Boston (BPHC) ap siveye ak kontwole WNV?

BPHC travay avèk Pwojè Kontwòl Moustik nan Rejyon Suffolk pou kaptire ak teste moustik yo ki ozalantou Boston pou maladi WNV yo pwopaje pandan mwa ete ak otòn yo. Yo rapòte tès pozitif yo sou sit entènèt ([www.bphc.org/mosquitocontrol](http://www.bphc.org/mosquitocontrol)). Yo egalman mete sou pye mezi kontwòl pou moustik yo pandan mwa ete ak otòn yo. Nan marekaj yo, kolekte dlo lapli, ak lòt zòn nan vil la ap trete pou limite kantite moustik.

**KONTINYE**

# PRÈV MOUSTIK NAN BOSTON

## *Kijan Mwen Ka Pwoteje Tèt mwen?*

### Etap yo pou anpeche moustik mode w:

Si w deyò nan yon zòn ki gen moustik konsidere opsyon sa yo:

- Sèvi avèk yon pwodwi kont moustik. Pwodwi kont moustik yo ki apwouve pa EPA enkli sa yo ki gen ladann DEET, Iwil ekaliptris ki gen sitwon, Pikaridin oswa IR3535. Li entriksyon ki sou etikèt pwodwi a pou ranseye w sou prekosyon ou dwe pran epi pou konbyen tan pwodwi a efikas. Apre w retounen andedan kay la, lave pwodwi a avèk savon ak dlo epi byen lave rad yo anvan ou mete yo ankò. Pa itilize pwodwi sa yo sou bèt sof si etikèt la apwouve l.
- Si w itilize yon pwodwi ki gen ladann DEET, pa itilize konsantrasyon plis ke 30 % sou adilt epi itilize fèb konsantrasyon DEET sou timoun yo. Mete DEET sou po ki ekspoze (pa nan zye ak bouch) epi sou rad, men pa itilize l sou blesi ki ouvè oswa koupe. Pa mete l anba rad.
- Pa kite timoun yo mete pwodwi kont moustik la pou kont yo. Mete pwodwi a nan men w epi fwote l sou timoun nan. Pa mete pwodwi a nan zye oswa nan bouch oswa nan men timoun yo epi pran prekosyon nan zòn zòrèy yo. Pa pase DEET sou tibebe (yo kapab itilize moustikè sou chèz tibebe yo) oswa lwil ekaliptris ak sitwon sou timoun yo ki poko gen laj 3 ane.
- Mete rad pou pwoteje w tankou chemiz manch long, pantalon long ak chosèt depi sa posib. Mete chemiz ou andedan pantalon w pou anpeche moustik yo pase anba rad ou.
- Byenke moustik yo ka mòde w a nenpòt kilè pandan jounen an, eseye limite kantite tan w ap pase deyò ant lè solèy ap kouche ak lè solèy la ap leve se lè sa moustik yo pi aktif.
- Asire twil pòt ak fenèt ou yo pa gen twou ladan yo. Twil ki nan bon kondisyon pral ede anpeche moustik antre andedan lakay ou .

### Etap yo pou anpeche moustik repwodwi:

Moustik yo bezwen dlo pou yo fè pitit. Yo kapab devlope pou vin adilt nan lespas yon semèn. Asire w ke atik yo ki ozalantou lakay ou pa kolekte dlo. Ou dwe netwaye atik yo ki kolekte dlo yon fwa pa semèn.

- **Veso:** Vire oswa kouvri po flè yo ki pa itilize, bokit, bokit fatra, ak bourèt yo. Chanje dlo nan basen zwazo yo yon fwa pa semèn.
- **Dal:** Retire fèy yo ak lòt debri ki ka bouche dal yo epi bare dlo yo.
- **Pisin:** Kouvri pisin ki pa sèvi epi vire pisin timoun yo lè li p ap sèvi . Asire ou kenbe kouvèti pisin yo klè san fèy ak dlo. Trete gwo pisin yo epi fè dlo a sikile.
- **Vye Kawoutchou:** Kouvri oswa jete yo. Yo se lokal repwodiksyon prefere moustik yo.

